

**AMELYORE REKIPERASYON
OU
APRE OPERASYON
METABOLIK AK BARYATRIK
(ERAMBS):
YON GID POU OPERASYON POU PÈDI
PWA**

**Weight Center
Sant Pwa**

Ti liv sa a fèt pou ede ou konprann epi prepare w pou operasyon w lan.
Tanpri li li byen epi revize li ak fanmi w ansanm ak klinisyen w anvan operasyon
an epi pote l avèk ou jou operasyon an.

Enfòmasyon pou Kontakte

Enfòmasyon pou Kontakte Biwo Sant Pwa	
	Lendi - Vandredi, 8:00 AM - 5:00 PM
	Telefòn jeneral :
	Dr. Hutter & Dr. Meireles:
Dr. Gee & Dr. Witkowski:	617-726-4400
	617-726-1476
	617-724-6132
Aprè lè travay, wikenn, jou ferye	617-726-2000 *Mande pou chirijyen an sèvis nan Divizyon Chiriji Gastroentestinal ak Onkolojik
Epic (plaffòm dosye medikal)	Patient Gateway Si ou pa gen Patient Gateway aktyèlman, tanpri enskri pwòp tèt ou nan vizite Paj-Enskripsyon MGB Patient Gateway a

Tab Matyè

Enfòmasyon sou operasyon mwen an	4
Entwodiksyon	5
Ki sa Pwogram ERAMBS la ye?	5
Anvan Operasyon	6
Kouman mwen ka prepare pou operasyon mwen an?	6
Abilitasyon-Anvan	6
Apèl Telefònik Anvan-Operasyon	6
Èske mwen ka manje oswa bwè, jou anvan operasyon mwen an?	10
Nan Jou Operasyon an	11
Bwason Idrat Kabòn	11
Medikaman	12
ENSTRIKSYON POU DOUCHE	12
Jou operasyon an.....	13
Lè ou rive nan lopital la:	13
Lè ou rive nan lopital la (kontinye):	13
Aprè Operasyon	15
Sal Rekiperasyon/PACU	15
Kontwòl Doulè	16
Medikaman Doulè.....	16
Aktivite apre operasyon: Kilè mwen ka kòmanse fè mouvman, chita, ak mache? ...	19
Rejim Alimantè Apre Operasyon: Kilè mwen ka kòmanse bwè?.....	20
EGZEYAT NAN LOPITAL.....	20
Konbyen tan mwen pral nan lopital la?	20
Enstriksyon Egzeyat yo.....	21

Enfòmasyon sou operasyon mwennan

<u>Dat</u> Operasyon:	
<u>Lè</u> Operasyon:	TBD Tanpri rive <u>3 èdtan</u> anvan lè operasyon an pwograme.

Pwosedì:	<input type="checkbox"/> Gastrektomi manch laparoskopik <input type="checkbox"/> Devyasyon gastrik laparoskopik <input type="checkbox"/> Lòt: _____
-----------------	--

Chirijyen ou (yo):	
<input type="checkbox"/> Denise Gee, MD	<input type="checkbox"/> Matt Hutter, MD
<input type="checkbox"/> Oz Meireles, MD	<input type="checkbox"/> Elan Witkowski, MD

Nòt:
Lè pou rele chirijyen ou apre operasyon an: <ul style="list-style-type: none">• Ou gen yon tanperati >101• Difikilte pou respire oswa souf anlè• Doulè nan vant• Kè plen oswa vomisman pèsistan <p>Si ou santi ou gen yon IJANS medikal, rele 911 ak/oswa ale nan lopital ki pi pre a.</p>

.....◆ Entwodiksyon ◆.....

Ti liv sa a se yon pati nan Pwogram ERAMBS Mass General Brigham Healthcare System (Enhanced Recovery After Metabolic and Bariatric Surgery, Rekiperasyon Amelyore Apre Operasyon Metabolik ak Baryatrik) ki se pratik estanda kounye a la pou tout pasyan ki pwograme pou operasyon metabolik ak baryatrik (oswa operasyon pou pèdi pwa) nan Mass General Brigham Healthcare System la ak lopital afilye yo.

Ki sa Pwogram ERAMBS la ye?

Pwogram Rekiperasyon Amelyore Apre Operasyon Metabolik ak Baryatrik yon ti jan diferan de apwòch tradisyonèl pou operasyon e li te montre ke li amelyore rekiperasyon pasyan apre operasyon ansanm ak diminye konplikasyon, diminye kantite jou sejou lopital, epi redwi admisyon ankò nan lopital apre operasyon an. Nou vle ou menm, pasyan an, pou ou yon patisipan aktif tou nan pwosesis rekiperasyon an. Objektif an jeneral la se pou ou gen pi bon eksperyans chirijikal epi pou ou retounen nan nòmal ou pi vit ke posib. Avèk èd ou, nou ka reyalize objektif sa yo.

Pwogram sa a fèt pou fè w patisipe aktivman nan rekiperasyon ou anvan ak apre operasyon ou. Gid sa a divize an twa etap:

1. Anvan-operasyon ou
2. Ozanviwon Operasyon an oswa nan Peryòd Operasyon ak Entènè Lopital
3. Apre-operasyon ou (yon rezime brèf - plis enfòmasyon sou nitrisyon espesifik yo pral pataje nan randevou swivi ou yo)

Chak etap nan pwogram sa a prepare pou objektif minimize doulè ou, evite konplikasyon, ak pèmèt pou reprann rejim alimantè ak aktivite pi bonè.

.....♦ Anvan Operasyon ♦.....

Kouman mwen ka prepare pou operasyon mwen an?

.....♦ Abilitasyon-Anvan

Abilitasyon-anvan pale de mezi ou ka pran pou ede diminye konplikasyon nan operasyon ak amelyore rekiperasyon apre-operasyon ou (gade tablo Abilitasyon-anvan ki tache la pou plis detay).

.....♦ Apèl Telefònik Anvan-Operasyon




Anvan operasyon ou, ou pral resevwa **2 apèl nan telefòn** nan men diferan manm ekip chirijikal la ki pral revize diferan pati nan swen ou:




Kiyès	Kilè	Poukisa
Yon manm ekip anestezi a	Apèl telefòn sa a ap pwograme davans pou asire ke ou disponib pou pran apèl sa a	Pandan apèl sa a, yon founisè pral: <ul style="list-style-type: none"> • Poze kesyon pou evalye sante ou epi eksplike pwosesis operasyon an. • Revize ki medikaman ou ta dwe pran nan jou operasyon ou ak kilès, si genyen, ou dwe sispann anvan operasyon.
Navigatè/Pwogramè nan Sant Pwa MGH	1-3 jou anvan operasyon	Pandan apèl sa a, yon pwogramè pral: <ul style="list-style-type: none"> • Finalize lè operasyon ou epi konfime egzakteman ki lè ou bezwen rive pou anrejistre. • Reponn nenpòt kesyon.

.....♦ Alatant Operasyon an

Alatant operasyon se yon gid pratik sou egzijans Sant Pwa MGH ou dwe swiv jiska jou operasyon an. Tanpri asire w ke ou li sa a ak anpil atansyon epi konfòme w ak tout etap sa yo, sof si endike otreman, pou anpeche konplikasyon posib oswa pou operasyon an pa ranvwaye oswa anile.


ABILITASYON ANVAN

Aktivite	Preparasyon pou Operasyon	Rasyonèl
 <p>Egzèsis</p>	<p>Si ou pa fè egzèsis regilyèman, nou konseye pou kòmanse tou dousman. Egzèsis pa bezwen difisil, menm 15 - 30-minit mache chak jou yo pi bon pase pa fè egzèsis menm.</p>	<p>Amelyore repons kò a a estrès ak amelyore kondisyon fizik, ki ede nan rekiperasyon an.</p>
<p>Nitrisyon, Retresi Fwa a</p>	<p>Nan preparasyon pou operasyon pèdi pwa, ou pral resevwa enstriksyon sou yon Rejim Alimantè pou Retresi Fwa a. Pou pifò pasyan yo rejim alimantè sa a ap kòmanse 2 semèn anvan operasyon an. Gen kèk pasyan ki ka kòmanse pi bonè - tanpri diskite sou sa a avèk chirijyen ak dyetetisyen ou anvan ou kòmanse.</p> <p>* Tanpri al gade nan “Alatant pou Operasyon” pou plis enstriksyon.</p>	<p>Objektif prensipal la se pral pou pèdi pwa epi finalman retresi fwa a, ki pral rive fè pwosedi chirijikal la pi fasil, minimize komplikasyon potansyèl, epi fè rekiperasyon ou pi fasil tou.</p>
<p>Nitrisyon, Likid yo</p>	<p>Asire ou ke ou bwè 48 - 64 ons dlo oswa likid menm jan an chak jou. Evite konsomasyon alkòl, kafeyin, ak bwason gazez omwen 2 semèn (depreferans yon mwa) anvan operasyon ou.</p>	<p>Bwè 48 - 64 ons likid klè pa jou ede anpeche dezidratasyon ak lòt pwoblèm ki asosye ak dezidratasyon.</p>
 <p>Nikotin</p>	<p>Sispann tout fòm nikotin (sètadi, sigarèt, ouka, chiklèt, ak/oswa patch nikotin) konplètman <u>omwen</u> 6 semèn anvan operasyon ou.</p> <p>* Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou kòman pou kite fimen tanpri pale ak klinisyen swen prensipal ou, enfimyè, oswa famasyen pou w jwenn opsyon.</p>	<p>Sa ap diminye chans pou komplikasyon respiratwa (oswa pwoblèm respire) ansanm ak lòt komplikasyon pandan ak apre operasyon an epi amelyore rekiperasyon w.</p>
 <p>Benyen</p>	<p>Douche oswa benyen chak jou epi lave kò w byen ak Chlorhexidine pou lave kò kòmanse 2 jou anvan, epi ankò jou anvan an, ak nan maten jou operasyon an (sètadi, yon fwa chak jou pandan 3 jou).</p> <p>Yo pral voye Chlorhexidine pou lave kò a lakay ou oswa biwo Chirijyen w la pral bay li dirèkteman.</p> <p>Si ou pa resevwa pwodwi pou lave a, ou ka achte li nan pifò famasi epi li pa mande yon preskripsyon.</p> <p>* Tanpri gade enstriksyon espesyal yo ki enkli pou benyen ak Chlorhexidine pou savonnen kò a.</p>	<p>Ede anpeche enfeksyon. Sèvi ak lavaj sa a pral ede anpeche enfeksyon rive apre operasyon an.</p>

	<p>Si w te fè tè s pou STAPH epi li pozitif, swiv enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak Chlorhexidine pou lave kò a ak pomad mupirocin pou nen. Doktè w la ap fè w konnen si ou bezwen plis tè s.</p>	
<p>Medikaman, Òmòn</p> 	<p>Sispann tout medikaman ranplasman òmòn ki gen estwojèn 1 mwa anvan operasyon an. Sa a ap gen ladan kèk grenn kontraseptif oral ak ranplasman òmòn pou menopoz ak lòt kondisyon. *</p> <p>*Tanpri asire w ke w diskite sa a plis ak klinisyen ki preskri w la, epi tanpri asire w ke w sèvi ak yon lòt fòm planin si w aktif seksyèlman pou evite yon gwo sès ki pa planifye.</p>	<p>Pou diminye risk pou fòmè boul nan san.</p>
<p>Medikaman, Pwodwi Ki Gen Aspirin yo</p> 	<p>Evite nenpòt aspirin ak pwodwi ki gen aspirin 1 semèn anvan operasyon sof si w diskite avèk chirijyen ou. Sa pral enkli pwodwi ki gen ibipwofèn tankou Motrin, Aleve, ak lòt medikaman pou soulaje doulè.</p> <p>Li oke pou pran Acetaminophen (Tylenol).</p> <p>Si w ap pran medikaman ki fè san likid, w ap bezwen sispann sa a tou, men tanpri diskite sa ak chirijyen ou oswa klinisyen ki preskri medikaman ki fè san an likid pou plis enstriksyon.</p>	<p>Pou diminye risk pou senyen twòp nan moman operasyon an.</p>
<p>Planifye Davans</p> 	<p>Fè aranjman pou yon moun akonpaye ou nan moman admisyon an ak nan moman egzeyat la.</p> <p>Fè preparasyon anvan lakay ou pou rive ou apre operasyon an, asire w ke gen ase likid klè ak likid konplè, ansanm ak vitamin epi mineral jan Sant Pwa a rekòmande.</p> <p>Ou ta dwe kapab mache, manje ak pran swen tèt ou kòm dabitid, men ou ta ka bezwen kèk asistans siplemantè okòmansman nan men fanmi oswa zanmi, espesyalman pou evite travay difisil imedyatman apre operasyon ou tankou lesiv, netwayaj, fè makèt, elatriye.</p>	<p>Ede prepare pou operasyon ak imedyatman apre.</p>

ALATANT POU OPERASYON AN:

	Entèval Tan	Tach
<input type="checkbox"/>	6 SEMÈN ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> SISPANN TOUT NIKOTIN - KI GEN LADAN FIMEN, CHIKLÈT, PATCH, ELATRIYE...
<input type="checkbox"/>	1 MWA ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> APÈL NAN TELEFÒN AK EVALYASYON ANVAN-ADMISYON (PATA) EGZAMEN SAN TÈS ANWO GASTWO-ENTESTINAL, SI SA ENDIKE SISPANN RANPLASMAN ÒMÒN (SA VLE DI GRENN PLANIN ORAL) EPI SÈVI AK YON LÒT METÒD POU PLANIN SI SEKSYÈLMAN AKTIF VIN FIZIKMAN AKTIF/FÈ EGZÈSIS
<input type="checkbox"/>	2 SEMÈN ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> KÒMANSE REJIM ALIMANTÈ RETRESI FWA A EVITE KAFEYIN, ALKÒL AK BWASON GAZEZ
<input type="checkbox"/>	1 SEMÈN ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> EVITE ASPIRIN AK PWODWI KI GEN ASPIRIN (SOF SI DISKITE OTREMAN)
<input type="checkbox"/>	2 JOU ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> APÈL DEPI SANT PWA POU DI W LÈ OPERASYON CHLORHEXIDINE POU LAVE KÒ (GADE ENSTRIKSYON KI ANBA A) SI W TE FÈ TÈS POU STAPH EPI W POZITIF, SWIV ENSTRIKSYON BIWO CHIRIJYEN W LA BAY POU W SÈVI AK CHLORHEXIDINE POU LAVE KÒ A AK POMAD MUPIROCIN POU NEN. DOKTÈ OU AP FÈ W KONNEN SI OU BEZWEN TÈS ADISYONÈL.
<input type="checkbox"/>	1 JOU ANVAN OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> REJIM LIKID SELMAN JISKA 10pm... ANSWIT CHANJE A LIKID KLÈ CHLORHEXIDINE POU LAVE KÒ (GADE ENSTRIKSYON KI ANBA A) ANVAN W DÒMI BWÈ 20-24ONS GATORADE (PA BWÈ SA KI WOUJ LA)
<input type="checkbox"/>	JOU OPERASYON	<ul style="list-style-type: none"> REJIM LIKID KLÈ JISKA 2 ÈDTAN ANVAN LÈ ARIVE PWOGRAFE BWASON IDRAT KABÒN (GADE ENSTRIKSYON ESPESIFIK NAN PAJ 11) PA MANJE OSWA BWÈ ANYEN; PA MANJE CHIKLÈT, PA MANJE MANT, PA MANJE OKENN SIRÈT, PA MANJE ANYEN, PA BWÈ OKENN LIKID (EKSEpte BWASON IDRAT KABÒN) CHLORHEXIDINE POU LAVE KÒ (GADE ENSTRIKSYON KI ANBA A) RIVE NAN WANG 3 (MGH) NAN LÈ KI TE DEZIYE A POTE MACHIN CPAP/BIPAP NAN LOPITAL LA (SI APLIKAB) PA POTE ANYEN KI GEN VALÈ ENPÒTAN NAN LOPITAL LA



.....◆ **Jou Anvan Operasyon An**

.....● **Èske mwen ka manje oswa bwè, jou anvan operasyon mwen an?**

PA manje okenn manje solid nan jou **ANVAN** Operasyon an. Ou ka sèlman bwè likid konplè ak likid klè pou jounen an. Kontinye sou likid konplè/klè jouk minwi, answit chanje a likid klè sèlman.

- Yon likid konplè se nenpòt likid ki ka pase nan yon paswa (soup oswa yogout san moso manje oswa fwi, pouding san sik, ak lòt pwodwi) e li gen ladan sipleman pwoteyin.
- Yon likid klè se nenpòt likid ou ka wè atravè li ak eksepsyon alkòl. Bwason letye, ki gen ladan abaz lèt ak yogout yo **PA** likid klè, men yo se likid konplè.
- Sispann likid konplè a minwi epi chanje a likid klè san sik sèlman.

SONJE BYEN: *Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon, si ou konsome manje solid oswa likid ki pa konplè/klè pandan peryòd sa a sa ka mete efikasite operasyon ou an danje epi afekte rekiperasyon ou, epi operasyon ou ka menm ranvwaye!*

Gade tablo ki anba la a pou egzanp **likid konplè ak likid klè** epi tou sa pou evite:

Likid Klè	Likid Konplè	Pa Pèmèt
Dlo	Lèt	Manje solid
Ji san sik (san ma)	Yogout (san moso oswa miyèt fwi oswa manje)	Ji Zoranj
Gatorade (pa bwè sa ki wouj)	Bwason abaz lèt (Sipleman Pwoteyin)	Bwason gazez (Soda, dlo gazez, elatriye)
Te oswa Kafe san kafeyin (san Lèt)		Alkòl
		Kafeyin

.....◆ **Nan Jou Operasyon an**

.....● **Bwason Idrat Kabòn**

Tanpri swiv enstriksyon ki nan ti liv ki enkli nan twous yo voye lakay ou oswa biwo Chirijyen w la bay la, ki pral genyen ladan de boutèy bwason idrat kabòn. Si yo pa te bay twous la jiska 20ons Gatorade se yon altènatif akseptab. **PA** swiv enstriksyon ki make sou boutèy yo menm.

Tanpri sonje ke sa a se pa yon laksatif, kidonk ou pa bezwen enkyete w pou w toupre yon twalèt.

Enstriksyon bwason sipleman idrat kabòn:

Yo pral ba w yon bwason idrat kabòn nan yon livrezon lakay ou oswa nan biwo Chirijyen ou a.

Si ou pa resevwa bwason sa a, tanpri achte 20 ons. Gatorade (pa sa ki wouj) pou itilize kòm bwason idrat kabòn ou.

K Jou w ap fè operasyon an, bwè tou de boutèy Ensure Pre-Surgery®. Asire w ke w fini yo omwen 2 èdtan anvan lè w te pwograme pou rive. Pa bwè anyen ankò apre ou fini.

Pa bliye ke ou pa bezwen reveye nan mitan lannwit pou kòmanse bwè 2 boutèy yo si operasyon ou an pwograme trè bonè nan maten. Olye de sa, eseye repoze byen lannwit lan anvan operasyon ou.

Si ou fè dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè rekòmande ou epi pa konsome bwason idrat kabòn paske li ka ogmante sik nan san ou.

Ou dwe sispann bwè tout likid klè pa mwens pase 2 èdtan anvan lè ou te pwograme pou rive.

- Bwè bwason Idrat Kabòn anvan operasyon an
- Fini oswa sispann bwè bwason Idrat Kabòn nan pa mwens pase 2 èdtan anvan lè pwograme pou rive

Konsome yon bwason sipleman idrat kabòn anvan operasyon ap asire nivo sik nan san ou pi regilye pandan operasyon an ki pèmèt ou ak entesten ou a refè pi vit ak geri pi vit.

.....● **Medikaman**

Tanpri pran sèlman medikaman ekip anestezi a ak chirijyen ou te apwouve jan yo te diskite pandan apèl anvan-operasyon ou yo. Li oke pou pran medikaman ak yon ti gout dlo nan maten operasyon an.

ENSTRIKSYON POU DOUCHE

ENSTRIKSYON POU DOUCHE:



Chlorhexidine disponib nan famasi lokal ou a epi li pa mande yon preskripsyon.

Enstriksyon sa yo ap diferan de enstriksyon ki sou pake Chlorhexidine nan. Enstriksyon pake yo se pou chirijyen k ap itilize pwodui sa a kòm yon antiseptik po anvan yo fè pwosedi chirijikal.

Tanpri itilize enstriksyon sa yo pou douch:

1. Chanpou/kondisyon cheve ou jan ou fè nòmalman anvan ou itilize Chlorhexidine lan.
2. Rense kò ou byen avèk dlo anvan.
3. Fenmen dlo a pou anpeche rensè Chlorhexidine lan twò bonè oswa vire do ou bay jè dlo a.
4. Sèvi ak Chlorhexidine olye de savon regilye ou. Pa Sèvi Ak Tou De.
5. Lave depi nan kou al anba. Fè atansyon espesyalman pou lave sit chirijikal operasyon ou a. Asire w ke ou lave andan lonbrik ou - ou ka itilize yon aplikatè si sa nesèsè pou ede ak sa a.
6. Lave kò ou dousman pou senk (5) minit. Pa fwote po ou twò fò. Ou ka itilize yon eponj pou ede savon an kimen.
7. Pèmèt Chlorhexidine lan seche sou po ou pou 1 minit anvan w rensè l.
8. Ouvè dlo a ankò, oswa vire fè fas a dlo k ap vide a, rensè byen epi seche w dousman avèk yon sèvyèt pwòp.
9. Pa poudre, aplike losyon, deyodoran, oswa pwodwi cheve apre twazyèm douch la.
10. Pa raze zòn kò ou kote yo pral fè operasyon an. Raze ogmante risk pou enfeksyon.

PA SÈVI AK CHLORHEXIDINE:

- Si ou gen yon alèji ak pwodwi ki gen Chlorhexidine.
- Sou tèt ou, figi ou, oswa pati prive.
- Si li antre nan je ou rensè l byen ak dlo.

Reyaksyon alèjik ak reyaksyon po yo ra, men yo ka rive. Si ou fè alèji oswa devlope yon gratèl oswa iritasyon po, tanpri kontakte doktè ou sou sèvi avèk yon savon anti-bakteri pito. Si w devlope yon reyaksyon alèjik ki enplike itikè oswa difikilte pou respire, rele 911 oswa ale nan depatman ijans ki pi pre w la.

.....♦ Jou operasyon an ♦.....

.....• Lè ou rive nan lopital la:

- **Pwosesis admisyon:** Tanpri antre nan antre prensipal lopital la oswa antre Sant Swen Anbilatwa Wang (Wang Ambulatory Care Center - an Anglè) la. Ale nan 3yèm etaj la nan Wang bilding lan. Ou pral enskri nan Sant pou Swen Alantou-Operasyon (Center for Peri-operative Care - an Anglè, CPC). Lè w fin enskri yon lyezon pral menen w nan zòn pou preparasyon anvan-operasyon.

Zòn Anvan-Operasyon: La a ou pral rankontre kèk manm nan ekip chirijikal la.

1. Enfimyè:

- Yon enfimyè nan zòn anvan-operasyon pral ede w prepare pou operasyon an pa pase sou ti liv sa a avèk ou epi li revize lis atik verifikasyon ou yo.
- Enfimyè a pral mezire siy lavi ou ak nivo glikoz ou tou.
- Ou pral rankontre enfimyè ki pral nan sal operasyon an tou.

2. Ekip anestezi:

- Pral ba w medikaman nan bouch pou ede anpeche doulè, kè plen ak vomisman.
- Mete yon liy ENTRAVENEZ nan venn ou pou bay likid, medikaman oswa san ki nesesè pandan oswa apre operasyon an.
- Revize opsyon pou jesyon doulè pandan ak apre operasyon.

3. Ekip chirijikal:

- Diskite sou pwosedi ou epi reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid.
- Finalize fòm konsantman.

.....• Lè ou rive nan lopital la (kontinye):

- **Sal operasyon:** Ekip la ap ede w monte sou tab sal operasyon an epi y ap fè w alèz pandan y ap kontinye prepare w pou operasyon.
 - a. **Liy ENTRAVENEZ** - yo ka mete yon lòt IV pou ede ak administrasyon medikaman ki nesesè pou operasyon. Medikaman sa yo gen ladan antibyotik, medikaman doulè ak medikaman kè plen elatriye.
 - b. Yo pral ba w yon anestezi epi yo pral andòmi w.

Doktè anestezi a responsab pou veye siy lavi ou yo (batman kè, tansyon, tanperati ak respirasyon), likid ak ranplasman san si sa nesesè, ansanm ak konfò jeneral ou, nivo doulè pandan ak apre operasyon ou.

Pandan anestezi jeneral yo pral mete yon tib pou w respire tanporèman nan gòj ou pou ede w respire. Yo pral retire sa a nan fen operasyon an oswa lè ou yo kapab respire poukont ou ankò. Pafwa sa ka lakòz yon ti kras gòj fè mal nan jou oswa de jou apre operasyon an, men li se tanporè epi li ta dwe rezoud poukont li.

◆◆◆ Apre Operasyon ◆◆◆

Sal Rekiperasyon/PACU

Lè operasyon ou a fini, ekip la pral transpòte w nan inite rekiperasyon apre anestezi a (PACU). Ou pral gen anpil chans pou toujou santi dòmi anpil ak dezoryante. Sa a nòmal epi li gen rapò ak anestezi a ou te resevwa pandan operasyon an. Li pral pran kèk tan pou efè medikaman sa yo fini nan kò w.


Ou pral pase omwen 2 èdtan nan sal rekiperasyon an ap kontwole apre operasyon an. Pandan tan sa a, ou ka atann pi fò nan bagay sa yo:

- Enfimyè yo tcheke siy lavi ou souvan - tansyon, batman kè, respirasyon ak tanperati, nivo glikoz nan san ak blesi ou ak pansman w.
- Ekip anestezi tcheke sou doulè ou ak nivo kè plen.
- Kenbe w sou oksijèn - swa nan nen ou oswa yon mask figi, jiskaske ou kapab pran bon souf pwofon pou kont ou.
- Toujou konekte ak yon IV pou likid ak medikaman doulè

Yon fwa ou etabli nan PACU a, 1-2 manm fanmi/zanmi ka gen dwa vizite pou yon ti tan, men pwotokòl ka varye anrapò ak sikonstans. Lè ekip la kwè ke ou stab epi doulè ou kontwole, yo pral transfere ou soti nan sal rekiperasyon an al nan chanm asiyen w nan lopital la.

Kontwòl Doulè

Doulè apre operasyon trè komen epi li ka varye de moun a moun. Li nòmal pou gen kèk doulè pou kèk jou apre operasyon an. Pa gen okenn fason pou elimine doulè konplètman, men gen yon varyete fason pou ede jere doulè ou. Yo ka itilize yon echèl nimewo doulè pou mezire doulè ou. Li kapab yon zouti itil pou swiv doulè ou apre operasyon. Echèl nimewo doulè a ka itil lè y ap deside si w ka bezwen opyoyid (medikaman pou doulè) pou doulè grav, si yo preskri w. Objektif la se diminye doulè a pou ke ou plizoumwenn alèz ak doulè tolerab, pa doulè zewo - ak yon nivo doulè 4 oswa mwens sou 10, pi fò nan tan an. Tanpri fè enfimyè w oswa doktè w konnen si w gen nenpòt doulè oswa malèz.



● Medikaman Doulè

Gen anpil kalite medikaman ki ka ede soulaje doulè. Medikaman yo ki pa opyoyid tankou *Tylenol*, *Ibuprofen*, *Aleve* ak *Motrin*, bon pou itilize lè doulè a difisil pou inyore, ou santi li menm lè w nan repo, epi li entèfere ak aktivite abityèl (tanpri tcheke avèk chirijyen ou an premye anvan ou itilize yo). Opyoyid yo se yon lòt kalite medikaman doulè ki ta dwe itilize sèlman pou doulè grav. Opyoyid yo pa nesèsman pi bon. Egzanp opyoyid yo gen ladan *Tramadol (Ultram)*, *Kodeyin* ak *asetaminofèn (Tylenol #3 oswa #4)*,

Hydrocodone ak asetaminofèn (Norco, Vicodin, Lorcet, Hycet), *Morfin*, *Hymorphone (Dilaudid)*, *Oxycodone (Roxycodone)*, *Oxycodone ak asetaminofèn (Percocet, Endocet)*.

Men kèk diferans ki genyen ant Opyoyid ak Medikaman Ki Pa Opyoyid:

Efè segondè Medikaman Opyoyid	Benefis Medikaman Ki Pa Opyoyid
Ka mennen nan move itilizasyon, abi, adiksyon, oswa ovèdòz	Mwens risk pou move itilizasyon, abi, adiksyon, oswa ovèdòz
Kè plen	Mwens kè plen
Konstipasyon	Mwens konstipasyon
Gratèl	Metòd efikas pou kontwòl doule
Vètij, anvi dòmi, fatig	Mwens vètij, anvi dòmi, fatig

SEKIRITE OPYOYID - Si ou bezwen pran opyoyid pou soulajman doule, men kèk sijesyon itil pou sekirite:

- Sèvi ak kantite ki pi piti posib pou kantite tan ki pi kout la
- Pa janm pran plis medikaman pase jan li preskri
- Pa janm melanje alkòl ak nenpòt medikaman doule
- Kenbe lwen timoun ak bèt kay
- Kache oswa fèmen medikaman ou
- Kenbe medikaman w lan nan boutèy oswa nan veso orijinal li pou w pa pran li pa erè
- Kenbe kontwòl kote ak kantite grenn ki nan boutèy la
- Debarase w de opyoyid ki pa itilize yo sito ke ou pa bezwen yo ankò

•..... KI JAN POU DEBARASE W DE MEDIKAMAN OPYOYID KI RETE YO:

1. Sere yo an sekirite - Kenbe tout opyoyid yo nan yon kote ki an sekirite ki san danje, epi pa janm pataje ak lòt moun.
2. Jete yo byen - lè w fin pran opyoyid jan doktè w mande w la, ou kapab:
 - Pote yo nan yon estasyon pou jete medikaman nan vil ou a. Oswa pote yo nan MGH epi mete yo nan veso a ki make anfas Famasi Ekstèn nan Wang bilding lan
 - Melanje ak ma kafe epi mete yo nan fatra
 - PA jete yo nan twalèt la

●..... **Gid Jesyon Doulè**

KI NIVO DOULÈ MWEN AN	KISA MWEN TA DWE PRAN POU DOULÈ	NIVO DOULÈ (SOU 10)
<p>Mwen pa prèske santi doulè mwen OSWA mwen santi doulè mwen epi li deranje mwen, men mwen ka toujou fè aktivite (tankou mache, chita ak kanpe)</p>	<p><input checked="" type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, JAN</p> <p><input type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, SOU YON ORÈ</p> <p><input type="checkbox"/> OPYOYID jan sa nesesè plis medikaman ki pa opyoyid sou yon orè</p>	
<p>Doulè mwen difisil pou inyore oswa Doulè mwen entèfere ak aktivite abityèl mwen</p>	<p><input type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, JAN SA</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, SOU YON</p> <p><input type="checkbox"/> OPYOYID jan sa nesesè plis medikaman ki pa opyoyid sou yon orè</p>	
<p>Mwen konsantre sou doulè mwen epi mwen pa kapab fè aktivite abityèl mwen oswa Mwen ap plenn nan doulè, epi mwen pa ka dòmi oswa Doulè a fò sou mwen an epi mwen pa ka sipòte ankò</p>	<p><input type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, JAN SA</p> <p><input type="checkbox"/> MEDIKAMAN KI PA OPYOYID, SOU</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> OPYOYID jan sa nesesè plis medikaman ki pa opyoyid sou yon orè</p>	

*** Si doulè ou a pa rive nan yon nivo tolerab epi ou toujou bezwen medikaman Opyoyid pou doulè - tanpri kontakte chirijyen ou a**

Aktivite apre operasyon: Kilè mwen ka kòmanse fè mouvman, chita, ak mache?

Ou ka kòmanse fè mouvman sitou ke ou reveye, sepandan li pi bon pou w toujou pwogrese tou dousman. Se poutèt sa, ou ta dwe dabò kòmanse ak kèk egzèsis janm senp tankou jwe zòtèy ou yo, etann janm ou yo dwat ak wotasyon pye ou yo. Fè sa yo pou kèk minit chak demi èdtan, epi li pral ede retabli w sou de pye ou pi bonè. Sispann fè sa si li koze doulè epi kite enfimiyè ou oswa doktè w konnen.

Evite mouvman ak kouche nan kabann pou yon peryòd pwolonje ka mennen a konplikasyon tankou san kaye, maleng kabann ak feblès nan misk. Sa a pral ralanti rekiperasyon ou.

- **3-6 èdtan apre operasyon:** Ou ka pare pou chita sou rebò kabann lan oswa menm yon chèz menm jou operasyon ou an. Enfimiyè w ap ede w, sitou premye fwa w ap leve a. Ou kapab an mezi tou pou fè yon ti mache si ou santi ou byen. Li enpòtan pou toujou gen yon moun tou pre pou asistans paske ou ka fèb ak enstab sou pye ou.
- **Nan jou a apre operasyon an:** Kòmanse nan jou apre operasyon an, objektif la pral pou w soti nan kabann omwen 3 oswa 4 fwa pa jou epi fè pwomnad nan koulwa a ak/oswa lakay ou. Nou espere tou ou chita sou yon chèz tou. Pral gen yon moun pou ede w fè sa okonmansman jiskaske ou gen ase fòs pou leve pou kont ou.
- **Egzèsis respirasyon:** Li enpòtan pou kapab pran gwo souf apre operasyon pou anpeche enfeksyon nan poumon. Pèsonèl enfimiyè yo ap montre w kèk egzèsis pou respirasyon ki itil. Li se yon bon konsèy tou pou pran kèk gwo souf pandan chak repo komèsyal pandan w ap gade televizyon. Fè egzèsis pou respirasyon brèf sa yo omwen 5-10 fwa yon èdtan pandan w je klè.

Rejim Alimantè Apre Operasyon: Kilè mwen ka kòmanse

Avèk pwogram ERAMBS la nou kapab avanse rejim alimantè ou a kòmanse menm jou operasyon an. Le pli vit ke ou reveye ak alèt nan chanm Rekiperasyon/PACU oswa nan chanm lopital ou a, y ap pèmèt ou pran ti kantite likid klè nan bouch.

1. Kòm yon règ jeneral, y ap kenbe w sou likid IV jiska demen maten.
2. Ou pral kòmanse ak ti gout dlo - apeprè gwosè yon tas medikaman menm jou ak operasyon an, jiska 2 ti gout (oswa 2 tas medikaman dlo).
3. Jou apre operasyon an, yo pral pèmèt ou bwè plis likid klè. Si ou ka bwè 2 gwo tas (chak, 8 ons), san kè plen oswa vomisman, ou ta dwe kapab ale lakay ou. Li pi enpòtan pou knee tèt ou idrate ak likid.

Konbyen tan mwen pral nan lopital la?

baryatrik. Se poutèt sa, w ap bezwen leve desann kabann nan pou ale nan twalèt la pou pipi apre operasyon. Pafwa li ka pran 6-8 èdtan anvan ou santi ou bezwen pipi, sa nòm.

Katetè Pipi

EGZEYAT NAN LOPITAL

Pou w ka egzeyate lopital la, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Doulè ak kè plen byen kontwole ak medikaman doulè nan bouch
- Kapab pran ase likid pou rete idrate
- Siy lavi ak egzamen san nòm






Ou ka anmezi ale lakay ou osi bonè ke nan denmen maten apre operasyon ou. Sinon, yo pral obsève w nan lopital la jiskaske objektif sa yo reyalize.





Li PA obligatwa pou ou pase gaz oswa ou ale alasèl anvan ou egzeyate.

Sonje Byen: Tanpri planifye aranjman ki apwopriye pou transpò soti nan lopital la ak swen nan kay la

Enstriksyon Egzeyat yo

Y ap ba ou yon seri enstriksyon egzeyat anvan ou kite lopital la. Tanpri asire w ke w respekte enstriksyon lopital la, men men kèk enstriksyon jeneral pou ede w prepare:

Aktivite	Enstriksyon Swen Lakay	Rasyonèl
 <p>Kondwi</p>	<p>Tanpri, pa kondwi pou omwen 4-5 jou.</p> <p>Pa kondwi pandan w ap pran nakotik. Ou ka yon pasaje epi ou ka mete yon senti sekirite.</p>	<p>Ou bezwen pou ou kapab reponn san danje nan yon ijans.</p> <p>Nakotik ka fè ou anvi dòmi.</p>
 <p>Leve</p>	<p>Pa pouse, rale, leve oswa fè aktivite difisil pandan 4-6 semèn; nenpòt bagay ki pi gran pase 10 liv konsidere twò lou.</p>	<p>Anpeche èni ensizyon fòme.</p>
 <p>Mache</p>	<p>Mache chak inèdtan pandan w reveye; ogmante aktivite piti piti.</p>	<p>Sa a ede anpeche boul nan san fòme; epitou ede sa a ak respirasyon an ak fonksyon nòmal nan entesten yo.</p>
 <p>Benyen</p>	<p>Ou ka pran douch (kòmanse 2 jou apre operasyon), pinga benyen nan basen oswa tranpe nan nenpòt dlo jiskaske chirijyen ou wè ou.</p> <p>Seche ensizyon ou dousman (pa fwote).</p>	<p>Sa a pèmèt ensizyon geri.</p> <p>Anpeche deranjman ensizyon.</p>
 <p>Medikaman</p>	<p>Asire w ke w rekòmanse tout medikaman jan yo enstwi – y ap ba w yon lis medikaman pou kontinye oswa sispans, ansanm ak kèk nouvo medikaman pou kòmanse.</p> <p>Kòmanse sipleman vitamin ak mineral ou jan yo rekòmande pa Sant Pwa MGH la.</p>	<p>Pou anpeche nenpòt pwoblèm oswa pwoblèm ak lòt kondisyon medikal.</p> <p>Bay Alokasyon Rekòmande pou Chak Jou pou vitamin ak mineral.</p>
<p>Lòt</p>	<p>Ou ka vle pote espiromèt ankourajman ou lakay ou epi kontinye itilize li 10 fwa chak inèdtan pandan w pa dòmi.</p>	<p>Anpeche nemoni ak lòt pwoblèm respiratwa devlope.</p>

Aktivite	Enstriksyon Swen Lakay	Rasyonèl
<p>Swen Blesi, Swen Ensizyon</p> 	<p>Retire pansman (si genyen) nan 24 èdtan. Ka gen ti adesif (Steri-stips, an Anglè) anba pansman an. Nòmalmman, sa yo pral tonbe poukont yo, men ou ka retire sa yo nan <u>14 jou</u> si yo pa tonbe.</p> <p>Si ensizyon an ap vide likid klè, ou ka kouvri l 'ak yon pansman sèk; tanpri asire w ke ou rele chirijyen ou si ensizyon an mande pou chanje pansman an souvan.</p> <p>Pa sèvi losyon, krèm, oswa poud nan ensizyon jiskaske chirijyen an di w ou kapab.</p>	<p>Ede ankouraje gerizon.</p> <p>Ede kenbe nenpòt drenaj kouvri epi anpeche enfeksyon.</p> <p>Ede anpeche ensizyon an vin enfekte.</p>
<p>Rejim Alimantè</p> 	<p>Etap 1 premye nwit lakay ou – avanse nan Etap 2 nan premye jounen konplè lakay ou.</p> <p>Eseye pa gobe lè w ap bwè. Ou ka bwè ni likid cho ak/oswa frèt. Objektif final ou se bwè yon minimòm de 60 ons chak jou.</p> <p>PA MANJE MANJE SOLID jiskaske ou rankontre ak Dyetetisyen Sant Pwa a</p>	<p>Avansman gradyèl nan rejim alimantè - pou anpeche nenpòt konplikasyon ak nouvo anatomi an.</p> <p>Anpeche dezidratasyon.</p> <p>Anpeche nenpòt konplikasyon ak nouvo anatomi an.</p>
<p>Vwayaje</p> 	<p>Sant Pwa a dekouraje nenpòt vwayaj nan avyon, ak/oswa vwayaj long, atoutfòs, pandan premye 4-6 semèn yo apre fin fè operasyon.</p> <p>Nenpòt vwayaj machin long pandan peryòd rekiperasyon an ta dwe gen ladan plizyè arè pou soti nan machin nan epi mache kèk tan.</p>	<p>Ede anpeche boul nan san fòme.</p>
<p>Lòt enstriksyon pasyan yo</p> 	<p>Tanpri asire w ke ou kenbe tout randevou swivi ou a ak Sant Pwa MGH la.</p>	<p>Ede idantifye nenpòt pwoblèm epi asire konfòmite avèk rekòmandasyon ki soti nan Sant Pwa MGH.</p>